

**NGUNDHAKAKE KATRAMPILAN NULIS SANDHANGAN AKSARA JAWA KANTHI METODHE  
STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) SISWA KLAS VIII G SMP NEGERI 2 PACE  
KABUPATEN NGANJUK SEMESTER GANJIL TAHUN AJARAN 2015/2016**

**Sumiati, Prof. Dr. Murdiyanto, M. Hum.**  
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya  
[Sumiati-didin@yahoo.co.id](mailto:Sumiati-didin@yahoo.co.id)

**Abstrak**

Panliten nulis sandhangan aksara Jawa kerep ditindakake dening para guru. Nanging panliten kasebut durung ana sing mligi ngenani nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe *Student Teams Achievement Division* (STAD). Panliten kang wis tau ditindakake mung ngandharake motivasi siswa ing sajrone piwulangan nulis aksara Jawa. Adhedhasar bab kasebut, underane panliten, yaiku kepriye undhak-undhakane kaaktifan siswa, guru lan asil pasinaon. Tujuwan panliten iki, yaiku kanggo ngaweruhi undhak-undhakane kaaktifan siswa, guru lan asil pasinaon.

Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku Undang-Undang Sistem Pendidikan Nasional nomor 20 tahun 2003 njelasake tujuwan pendidikan nasional yaiku kanggo ngembangake potensi siswa supaya dadi manungsa sing iman lan taqwa marang Tuhan Yang Maha Kuasa, nduweni akhlak mulia, sehat, nduweni ilmu, cakap, kreatif, mandhiri, lan dadi warga negara sing demokratis sarta tanggung jawab.

Sawise dienkake panliten nulis sandhangan aksara Jawa nganggo metodhe STAD, presentase siswa kang kasil pasinaon nambah saka 71,43% dadi 100%. Ateges asil pasinaon siswa ing jroning piwulangan bisa mundhak 28,5%. Kaaktifan siswa bisa mundhak 6,3% lan kaaktifan guru bisa mundhak 12,5%.

**Tembung wigati:** nulis sandhangan aksara Jawa, undhak-undhakane katrampilan, kaaktifan, *Student Teams Achievement Division* (STAD).

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Pendidhikan Basa Jawa minangka salah sawijining mata pelajaran ing jenjang pendidikan dhasar, kudu bisa nguwatake Basa Jawane siswa jroning sesrawungan ing bebrayan. Mula saka kuwi, jroning pasinaon Basa Jawa, kudu diupayakake nerapake strategi lan metodhe kanggo mulang sing jelas, tepat, efektif lan efisien supaya ancasa pasinaon kaleksanan lewat pamulangan dhewe-dhewe kompetensi dhasare lan efisien.

Jroning kagiyatan nggunakake basa iki sing nggunakake basa kerep dibingungake karo perkara panganggo panulisan sandhangan. Cundhuk karo kasanyatan, akeh perkara sing thukul jroning pasinaon Basa Jawa sing utama sing ana hubungane karo nulis aksara Jawa, siswa uga kemampuane pasinaon siswa jroning materi tartamtu. Panulisan aksara Jawa khusus siswa adhedhasar pengamatan jroning wektu pasinaon ing SMPN 2 Pace Kabupaten Nganjuk kerep ngalami lamban/kangelan.

Asore prestasi pasinaon kuwi disebabake karo faktor-faktor antarane ing ngisor iki :

- 1) Siswa kurang minat karo materi pokok nulis sandhangan aksara Jawa.
- 2) Tehnik kanggo nyampekake pasinaon materi kurang variasi lan kurang narik.
- 3) Suasana pasinaon kurang nyenengake.
- 4) Siswa kurang bisa ngapalake wujud-wujud sandhangan aksara Jawa.

Kanggo mrantasi perkara ing dhuwur, mula kudu dilaksanakake salah sawijine kanggo ngundhakake pasinaon lewat panliten tindakan kelas kanthi judul: Ngundhakake Katrampilan Nulis Sandhangan Aksara Jawa kanthi Metodhe *Student Teams Achievement Division* (STAD) Siswa klas VIII

G SMP Negeri 2 Pace Kabupaten Nganjuk Semester Ganjil Tahun Ajaran 2015/2016.

Panliti yakin menawa kanthi metodhe diskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD), prestasi pasinaon basa Jawa bakal bisa mundhak, ngelingi metodhe pasinaon iki gawe siswa luwih aktif lan kreatif jroning ngomongake panemu, nulis jawa lan ora malehake. Metodhe iki bisa macu kewanenane siswa jroning mikir lan penak dilaksanakake ing klas tanpa butuhake akeh medhia sing luwih larang lan kalebu cundhuk karo kebutuhan lan situasi pasinaon.

Metodhe iki mujudake cara kanggo nyampekake materi pasinaon kanthi teknik dhiskusi Modhel *Student Teams Achievement Division*. Jroning metodhe iki siswa dihadhepake menyang kerja kelompok. Siswa sinau ing kelompok kelompok sing nduweni kemampuan beda beda jrone ngrampungake tugas kelompok anggota kelompok padha kerja sama lan mbantu sing durung paham ngenani materi lan sinau durung rampung menawa salah sawijine kanca durung nguwasani materi pasinaon lewat tutorial kuis sakminggu utawa rong minggu dienkake kuis angger minggu biji diumumkan tim skor sing dhuwur utawa sing sempurna banjur mengisor. Dikarepake karo diterapake metodhe iki siswa bisa ngundhakake prestasi pasinaone jroning upaya deskripsikake pentinge nglestarekake basa jawa sing diwulangake karo guru. Ing sisih liya, iku uga aktivitas siswa lan guru sing dadi luwih mundhak.

Supaya masalah pendidikan iki bisa diukur, lan bisa dibiji apik proses uga asile mula aspek sing diobservasi jroning panliten tindakan kelas iki, dikelompokake dadi 3 aspek yaiku: 1) aspek nilai rata-rata kelas lan persentase ketuntasan hasile sinau, 2) aspek aktivitas siswa jroning pasinaon, lan 3) aspek aktivitas guru jroning pamulangan.

### Undherane Panliten

Underaning panliten jroning panliten iki yaiku adhedhasar lelandhesane panliten ing dhuwur bisa didudut ing ngisor iki :

- 1) Kepriye undhak-undhakane keaktifan siswa klas VIII-G SMPN 2 Pace Kabupaten Nganjuk tahun ajaran 2015/2016 sajronne pasinaon sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe diskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD)?
- 2) Kepriye undhak-undhakane keaktifan guru SMPN 2 Pace Kabupaten Nganjuk tahun ajaran 2015/2016 sajronne pasinaon nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe diskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD)?
- 3) Kepriye undhak-undhakane asil pasinaon Basa Jawa nulis sandhangan aksara Jawa siswa klas VIII-G SMP Negeri 2 Pace Kabupaten Nganjuk tahun ajaran 2015/2016 sakwise pasinaon kanthi nggunakake metodhe diskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD)?

### Ancase Panliten

Ancase panliten tindakan kelas iki yaiku:

- 1) Ngaweruhi undhak-undhakane keaktivane siswa klas VIII G SMPN 2 Pace Kabupaten Nganjuk tahun ajaran 2015/2016 sajronne pasinaon nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe diskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD)
- 2) Ngaweruhi undhak-undhakane keaktivane guru SMPN 2 Pace Kabupaten Nganjuk tahun ajaran 2015/2016 sajronne pasinaon nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe diskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD)
- 3) Ngaweruhi undhak-undhakane hasil pasinaon Basa Jawa nulis sandhangan aksara Jawa siswa klas VIII G SMP Negeri 2 Pace Kabupaten Nganjuk tahun ajaran 2015/2016 sakwise pasinaon nggunakake metodhe *Student Teams Achievement Division* (STAD)

### Paedah Panliten

Kanggo Guru Basa Jawa:

- a) Nentukake lan milih metodhe pasinaon sing cundhuk karo kemampuane siswa kondisi sekolah lan materi pasinaon khusus nulis sandhangan aksara Jawa.
- b) Mbanu lan menehi motivasi siswa sing nduwe prestasi rendhah saengga siswa gelem maju lan nduweni prestasi.
- c) Ngundhakake wawasan ngenani wigatine panliten tindakan kelas.
- d) Mbiasakake guru kerep nggunakake variasi metodhe tugas jroning pasinaon supaya prosese pasinaon ora mbosenake .
- e) Mbanu ngundhakake asil pasinaone siswa.

Kanggo Siswa

- a) Bisa dandani prosese pasinaon basa Jawa khusus materi pokok nulis sandhangan Jawa.aksara
- b) Bisa ngundhakake asil pasinaon Basa Jawa lewat motivasi kang sumber saka guru basa Jawa.

- c) Bisa ngundhakake minat lan motivasi lan disiplin sinau lan kanggo rajin lan seneng nulis aksara Jawa.

- d) Sinau ora mbosenake.

Kanggo Guru utawa Panliti Liya:

- a) Bisa didadekake bahan kanggo ngembangake konsep teoritis menawa milih perkara sak jenis kanggo kajian panlitene.
- b) Bisa didadekake dhasar kanggo netepake asumsi rumus hipotesa tindakan analisis lan kanggo bandhingake asil panliten.
- c) Bisa didadekake bahan rujukan panliten menawa variabel padha utawa meh padha.

### Wewatesane Tetembungan

Wewatesan panliten sajronne panliten iki, yaiku:

- 1) Katrampilan
- 2) Nulis
- 3) Sandhangan aksara Jawa
- 4) STAD

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Katrampilan Nulis

Nulis kerep dikenal uga karo ngarang. Ngarang minangka kagiyatan bahasa kanthi cara nulis. Dadi nulis yaiku kabeh niat, perasaan, utawa pikiran ngenani masalah sing diungkapake jerone wujud bahasa tulisan (Depdikbud, 1990). Kanthi kaitan karo hal ing ndhuwur Purwo (1997) negasake menawa: “Dudu dawane tulisan sing dikarepake saka kagiyatan nulis, nanging kejelasan isi tulisan lan efisiensi panganggone lan pemilihan tembung”.

Kanthi tembung liya menawa kemampuan nulis minangka kesanggupan, kecakapan, kekuatan sing awujud kematangan lan pengetahuan, keterampilan sing bisa digunakake jerone ngungkapake ide utawa panemu menyang jerone tulisan. Suwene kagiyatan iki, siswa perlu disadarake menawa ana kemungkinan cara penataan utawa nyusun tembung. Mula saka kuwi, wigati banget marang siswa kanggo entuk kesempatan padha sinau saka kancane, kanthi padha maca hasil tulane kancane, kaya sing ketok ing kagiyatan diskusi kalebu ing jerone kagiyatan nulis yaiku kagiyatan nemukake kesalahan jrone nulis, ora trima ejaan lan tanda maca, nanging kelengkapan utawa kejelasane ukara,lan milih tembung. Siswa ora trima dilatih kanggo nemokake kaluputan, nanging uga ndadani garapane dhewe.

Kagiyatan nulis nduwe ancas sing beda-beda.

Ancase nulis kuwi antarane ing ngisor iki :

- a) Nginformasiake samubarang apik nyata, dhata, kedadeyan panemu lan pandangan marang fakta, dhata, lan kedadeyan supaya khalayak sing maca entuk kaweruh lan pemahaman anyar ngenani hal.
- b) Mbujuk lewat tulisan wong sing nulis ngarepake wong sing maca bisa nentokake sikap, apa nyarujuki utawa nyengkuyung sing diomongake. Penulis kudu bisa mbujuk lan menehi keyakinan wong sing maca kanthi nggunakake gaya bahasa sing persuasif. Merga saka kuwi , fungsi saka

- tulisan bakal entuk ngasilake menawa penulis mampu nyajikake karo gaya bahasa sing narik, akrab, sahabat, lan penak ditampa.
- Ndhidhik kanthi lewat maca tulisan, wawasan, pengetahuane wong bakal tambah, kewasisan terus diasah, sing padha wusanane bakal nentokake perilakune wong. Wong wong sing nduwe pendidikan tuladhane, cenderung luwih tinarbuka lan nduwe toleransi, luwih ngregani panemune wong liya, lan rasional.
  - Fungsi lan ancane nglipur jerone omong omongan dudu monopoli medhia masa, radio, televisi. Medhia cetak bisa uga dadi peran jerone nglipur khalayak kang maca. Tulisan-tulisan utawa wacan wacan entheng sing kaya karo anekdot, cerita lan pengalaman lucu bisa dadi wacan penglipur lara utawa kanggo nglepasake ketegangan sakwise sedina dinane sibuk aktivitas.

### Sandhangan

Sandhangan Aksara Jawa yaiku tetengar kang dienggo ngowahi utawa muwuhi uning aksara utawa pasangan (aturan / bentuk pasangan sing digunakake kanggo ngowahi swara utawa tembung). (Gani, 2007: 53).

### Sandhangan Wyanjana, Sandhangan Swara lan Sandhangan Panyigeg

Sandhangan Wyanjana					
No	Sandhangan	Jenis	Manfaat	Tuladha	
				Jawa	Latin
1	Cakra	ꦱ	Sesulih/nama Huruf (ra)	ꦫꦏ ꦫꦱ	Praja krasa
2	Keret	ꦫ	Sesulih/nama Huruf (re)	ꦫꦶꦩꦶꦥꦶ ꦫꦶꦱꦶꦩꦶꦥꦶ	Sregep kreteg
3	Pengkal	ꦪ	Sesulih/nama Huruf (ya)	ꦫꦶꦱꦶꦩꦶꦥꦶ ꦫꦶꦱꦶꦩꦶꦥꦶ	Kyai setya

### Jenise Sandhangan Swara

Sandhangan Swara					
No	Sandhangan	Jenis	Manfaat	Tuladha	
				Jawa	Latin
1	Taling	ꦩ	Huruf e	ꦩꦭꦩꦭ	dhewe
2	Pepet		Huruf e	ꦩꦶꦩꦶꦥꦶ	cepat
3	Wulu		Huruf i	ꦩꦶꦩꦶ	miri
4	Taling Tarung	ꦩꦱ	Huruf o	ꦩꦭꦩꦭꦩꦭ	soto
5	Suku	ꦩꦱꦸ	Huruf u	ꦩꦭꦩꦭꦩꦭ	tuku

### Jenise Sandhangan Panyigeg

Sandhangan Panyigeg					
No	Sandhangan	Jenis	Manfaate	Tuladha	
				Jawa	Latin

1	Wignyan	ꦱ	Huruf h	ꦫꦏꦱ	bungah
2	Cecak	ꦱ	Huruf ng	ꦫꦶꦩꦶꦥꦶ	kacang
3	Layar	ꦱ	Huruf r	ꦫꦶꦩꦶꦥꦶ	pasar
4	Pangkon	ꦱ	Kanggo mateni ing buri	ꦫꦶꦩꦶꦥꦶ	panas

### Panjinan (La) lan (Wa)

- Panjinan La* ( ꦭ ) ana ing ngisor hurup sing dileboni panjing (*dipanjengi*). Menawa swara panjinan *La* unine bareng huruf sing dileboni, kaya sandhangan Wyanjana.
- Panjinan Wa* ( ꦮ ) ana ing ngisor lan kelet karo huruf sing *dipanjengi* (dipasangi). Menawa swara panjinan *Wa* unine bareng huruf sing dileboni, kaya *sandhangan Wyanjana*

Wewaler: Penulisan aksara Jawa ora oleh susun telu. Mula yen ana panjinan/sisipan wa utawa pasangan liyane sing gawe huruf susun telu kudu dimatikake dhisek karo pangkon. (Gani, 2007:59). Jenise panjinan ana ing **Error! Reference source not found..** Tuladhane panjinan La lan Wa ana ing **Error! Reference source not found..**

### Jenise Panjinan

No	Jenis Panjinan	Penulisan	
		Latin	Jawa
1	<i>La</i>	<i>Klasa</i>	ꦫꦭꦱ
		<i>Klitip</i>	ꦫꦭꦶꦩꦶꦥꦶ
		<i>Klarap</i>	ꦫꦭꦩꦶꦥꦶ
		<i>Klepon</i>	ꦫꦭꦩꦶꦥꦶꦩꦶꦥꦶ
2	<i>Wa</i>	<i>Kwasa</i>	ꦫꦭꦱ
		<i>Swiwi</i>	ꦫꦭꦶꦩꦶꦥꦶ

### Panulisan (Re) lan (We)

Panulise *Re*, aksara Jawa nggunakake *pa cerek*, ora nggunake aksara/huruf *dipepet* ( ..p... ). menawa *Le*, aksara Jawa nggunakake *Nga lelet* ( .....2.....), nanging menawa dadi pasangan *Le* nggunakake *pasangan La* (.....L.....). Tuladhane kaya ing ngisor iki:

rega	lenga
ꦫꦭꦩꦭ	ꦫꦭꦩꦭ

### Metodhe Dhiskusi Student Teams Achievement Division (STAD)

Metodhe *Student Teams Achivement Division* (STAD) metodhe iki ngacu pasinaon kelompok



nyajakake informasi, akademik anyar marang siswa saben Minggu gunakake prosentasi verbal utawa teks. Siswa ing jero kelas dipecah dadi kelompok anggotane papat nganti tekan lima angger kelompok kudu heterogen ana lanang ana wadon asale saka jenis-jenis suku nduweni kemampuan sing duwur sedang lan rendah.

Anggota team nggunakake lembar kagiyatan kanggo nuntasake pasinaone. Banjur padha bantu kancane kanggo mahami materi lewat tutorial kuis marang kancane utawa nindakake diskusi. Kanthi cara indhividhual angger minggu utawa 2 minggu siswa diwenehi kuis. Kuis kuwi di skor lan saben indhividhu diwenehi skor perkembangane. Skor perkembangane iki ora adhedhasar marang skor mutlake siswa nanging sakpiro adohe skor kuwi ngliwati rata-rata skor sing ndhisik.

Saben minggu lembar pambiji ringkes utawa kanthi cara liya diumumake tim-tim kanthi cara skor sing duwur siswa sing ngayuh skor perkembangane dhuwur utawa skor sempurna marang kuis-kuis kuwi.

Kaluwihan metodhe *Student Teams Achievement Division* (STAD) yaiku:

1. Siswa kerja sama ing jroning ngayuh ancas kanthi njunjung duwur norma-norma kelompok.
2. Siswa aktif bantu lan menahi motivasi semangat kanggo kasile bareng-bareng.
3. Siswa aktif minangka tutor sebaya kanggo ngundhakake kasile kelompok.
4. Interaksi antare siswa seiring karo ngundhakake kemampuane dheweke jroning ngetokake panemu.
5. Ngundhakake kecakapan indhividhu
6. Ngundhakake kecakapan kelompok
7. Ora nduwe sifat kompetitif
8. Ora nduwe sifat rasa dhendham

Kekurangan metodhe *Student Teams Achievement Division* (STAD) yaiku:

1. siswa sing nduwe prestasi rendah dadi kurang.
2. Siswa sing berprestasi duwur bakal kuciwa amarga peran anggota sing pinter luwih dominan
3. Butuhake wektu sing dawa kanggo siswa saengga angel gayuh target kurikulum
4. Butuhake wektu sing dawa saengga umume guru ora gelem gunakake pasinaon kooperatif
5. Butuhake kemampuan khusus saengga ora kabeh guru bisa nindakake pasinaon kooperatif
6. Nuntut sifat tartamtu saka siswa tuladhane sifat seneng kerja sama.

**Pelaksanaan Metodhe Diskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD)**

Metodhe iki ana 5 komponen yaiku prosentase kelas, kerja kelompok (tim), kuis, skor kemajuane indhividhual lan rekognisi utawa penghargaan kelompok.

- 1) Prosentasi kelas (*Class Presentation*)

Ing jroning *Student Teams Achievement Division* (STAD) materi ajar mula-mula disampeke ing jroning presetasi kelas. Metodhe sing digunakake biasane kanthi pasinaon langsung utawa diskusi kelas sing dipandu guru. Suwene presentasi kelas, siswa kudu bener-bener gatekake mergo bisa bantu dheweke ing

jroning ngerjakake kuis indhividhu sing uga bakal nentokake nilai kelompok.

- 2) Kerja kelompok (*Teams Works*)

Angger kelompok sing anggotane 4-5 siswa sing heterogen lanang lan wadon sing asale saka jenis-jenis suku sing duweni kemampuan sing beda-beda fungsi utamane saka kelompok yaiku nyiapake anggota kelompok supaya dheweke bisa ngerjakake kuis nganti apik. Sak wise guru jelasake materi angger anggota kelompok nyianaoni lan diskusi LKS bandingake jawaban karo kanca kelompok lan saling bantu antarane anggota menawa ana sing ngalami kasulitan. Saben guru ngelengake lan nekan marang kelompok supaya angger anggota nindakake sing apik kanggo kelompok lan padha kelompok kuwi dhewe supaya nindakake sing apik kanggo bantu anggotane.

- 3) Kuis

Sakwise guru menahi presentasi siswa diwenehi kuis indhividhu siswa ora oleh bantu liyane suwene kuis dienkake siwa tanggung jawab kanggo melajari lan mahami materi sing disampeke.

- 4) Peningkatan nilai indhividhu

Ngundhakake biji indhividhu ditindakake kanggo menahi ancas hasil sing arep digayuh menawa siswa isa lan usaha keras hasil pasinaon luwih apik saka sing wis pikoleh sadurunge angger siswa bisa nyumbangake biji maksimum marang kelompok lan angger siswa nduwe skor dhasar saka rata-rata tes utawa kuis sadurunge saterose, siswa nyumbangake biji kanggo kelompok adhedhasar ngundhakake biji indhividhu sing dientukake.

- 5) Penghargaan kelompok

Kelompok entuk sertifikat utawa penghargaan liya menawa rata-ratane skor kelompok ngluwih kriteria tartamtu skor tim siswa bisa uga digunakake kanggo nentokake 20% saka peringkat dheweke.

Langkah-langkahe metodhe dhiskusi *STAD* yaiku:

- 1) Guru nyampeke materi pasinaon marang siswa cunduk karo kompetensi dasar sing bakal digayuh. Guru bisa gunakake pilihan ing jerone nyampeke materi tuladhane kanthi metodhe penemuan terbimbing utawa metodhe ceramah langkah iki ora kudu ditindakake ing jroning saktemuan nanging luwih saka 1.
- 2) Guru menahi tes utawa kuis marang siswa kanthi cara indhividhu saengga bakal oleh biji awal kemampuan siswa.
- 3) Guru bentuk kelompok-kelompok saben kelompok anggotane 4-5 ing ngendi anggota kelompok nduwe kemampuan akademik sing bedha-bedha tinggi sedang rendah menawa mungkin anggota kelompok asale saka budaya utawa suku sing bedha lan merhatekake kesetaraan gender.
- 4) Guru menahi tugas kelompok kaitane karo materi sing diwenehae diskusekake kanthi cara bareng-bareng saling bantu antarane anggota liya lan bahas jawaban tugas sing diwenehake guru. Ancase sing wigati yaiku mastekake menawa saben kelompok bisa nguwasai konsep lan materi. Bahan

- tugas kanggo kelompok disiapake karo guru supaya kompetensi dhasar sing dikarepake bisa digayuh.
- 5) Guru menehi tes/kuis marang siswa kanthi cara indhividhu
  - 6) Guru menehi fasilitas siswa jroning gawe rangkuman ngarahake menehi penegasan marang materi pasinaon sing wis disinaoni.
  - 7) Guru manehi penghargaan marang kelompok adhedhasar perolehan biji ngundhakake hasil pasinaon indhividhu saka biji awal menyang biji kuis sateruse. Gagasan sing wigati ing balik model *Student Teams Achievement Division* (STAD) yaiku kanggo motivasi siswa, ndorong lan mbantu siji lan liyane lan kanggo nguwasai katrampilan-katrampilan sing disajekake guru menawa siswa ngarepake supaya kelompoke dheweke entuk penghargaan dheweke kudu bantu kanca kelompoke nyinaoni materi sing diwenehake dheweke kudu ndorong kancane kanggo nindakake sing paling apik lan nyatakake samubarang norma menawa sinau kuwi minangka samubarang sing penting utawa wigati, nduwe rego lan nyenenangake.


## METODHE PANALITEN

### Ancangan Panliten

Panliten iki mujudake panliten tindakan klas (PTK) kang nduweni tujuan ngundhakake katrampilan nulis sandhangan aksara Jawa siswa klas VIII SMPN 2 Pace Kabupaten Nganjuk Tahun Ajaran 2015/2016 lumantar metodhe *Student Teams Achievement Division* (STAD). Panliten iki migunakake metodhe dhiskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD) ing sajrone proses pasinaon kanthi pangajap supaya siswa trampil nulis sandhangan aksara Jawa kanthi lancar lan nyenengake.

### Prosedur Panliten

Ing kene iki cundhuk karo underaning panliten lan tujuan kanggo meruhi aktivitas siswa lan guru sarta asil pasinaon nulis sandhangan aksara jawa.



Suharsimi Arikunto 2013:131

Kurt Lewin ngembangake modhel adhedhasar konsep pokok menawa panliten tindakan ana 4 komponen pokok (sajrone Arikunto, 2013:131).

1. Ngrencanakake utawa *planning*
2. Nindakake utawa *acting*
3. Ngamati utawa *observing*

### 4. Refleksi utawa *reflecting*

Sinambungan antarane 4 komponen kuwi nunjukake sawijining siklus. Siklus sabenero dadi salah sawijining ciri kang utama saka penelitian tindakan yaiku, menawa panliten tindakan klas kudu ditindakake ing jroning bentuk siklus.

### Tahap Ngrancang Pamulangan

Ing tahap iki, panliti ngandharake apa bae sing dibutuhake lan ditindhakake ing panliten. Bisa diarani tahap iki ngrancang sing jelasake ngenani apa, kena apa, kapan, ing ngendi, dening sapa lan kepriye tumindak kasebut ditindhakake. Ing kene panliti nemokake prastawa sing kudu digatekake lan instrumen observasi kanggo golek asil saka tindakan panliten. Sabenero, ditindakake kanthi wong loro antarane pihak sing nindakake tindakan lan pihak sing ngamati proses sajroning tindakan.

### Tahap Nindakake Pamulangan

Pamulangan nulis sandhangan aksara jawa kanthi metodhe *Student Teams Achievement Division* ing klas VIII G SMP Negeri 2 Pace supaya bisa ngundhakake katrampilan nulis sandhangan aksara jawa marang siswa kaya umume kegiatan KBM diperang dadi 3 kegiatan utama yaiku apresiasi, kegiatan inti la kegiatan panutup. Katelu kegiatan iki diandharake ing ngisor iki:

#### Kegiatan Apresepsi

Kegiatan iki minangka kegiatan awal sajroning proses pamulangan ing kegiatan iki, dikarepake guru bisa gugah minat siswa marang pelajaran nulis sandhangan aksara jawa. Tindakan guru ing kegiatan iki kaandharake ing ngisor iki:

1. Guru ngatur siswa supaya siap nampa materi
2. Guru mimpin donga
3. Guru nindakake kegiatan apresepsi marang siswa kanthi tekok langsung marang siswa supaya siswa luwih nduwe motivasi
4. Guru nggayotake pelajaran sing bakal disinaoni karo kaweruhe siswa ngenani sandhangan aksara jawa
5. Guru ngandharake pokok materi, tujuan, lan indikator.

#### Kegiatan inti

Kegiatan inti minangka kegiatan nindakake pamulangan nulis sandhangan aksara jawa kanthi metodhe *student teams achievement division* [STAD]. Tindakan guru sajroning kegiatan inti dijabarake:

1. Siswa nampa andharan saka guru ngenani sandhangan aksara jawa sajrone nulis aksara jawa ing pasinaon.
2. Siswa lungguh ing kelompoke dhewe-dhewe 4-5 anggotane kanthi heterogen.
3. Siswa nyemak andharan saka guru ngenani apa sing kudu ditindakake.
4. Siswa nampa sawijining soal sing kudu digarap kanthi rampung.

5. Kanthi bebarengan kelompok dhewe-dhewe siswa garap tugas.
6. Siswa nulis jawaban soal kanthi sandhangan aksara jawa.
7. Siswa deskusikake karo kanca-kancane ing kelompok ngrembuk ngenani tugas sing kudu digarap nganti rampung.
8. Sawise rampung ditulis tugase sing wis disusun ing kelompok.
9. Perwakilan kelompok mresentasekake asil tugase ing ngarep klas.
10. Siswa ing kelompok liya menahi tanggapan ngenani garapan sing diprosesekake.
11. Kelompok sing mrosentasekake, nyatet tanggapan kelompok liya.
12. Guru menahi penghargaan marang kelompok sing tugase bener.
13. Guru nugasake nulis jawaban saka tugas kanthi indhividhu.
14. Siswa ngumpulake asil tugas sing digarap.

#### Kegiatan panutup

Kegiatan panutup minangka kegiatan akhir sajrone proses pamulangan. Ing kegiatan iki, pamulangan musatake marang kegiatan simpulan lan refleksi ing sajrone proses pamulangan. Kegiatan ing panutup kaandharake ing ngisor iki:

1. Guru menahi kesempatan marang siswa sing durung ngerti ngenani sandhangan aksara jawa.
2. Kanthi bebarengan, siswa lan guru menahi dudutan ngenani pamulangan sing wis ditindakake.
3. Guru menahi motivasi marang siswa sinau luwih tekun ngenani sandhangan aksara jawa
4. Guru bebarengan karo siswa mimpin donga lan menahi salam.

#### Tahap Observasi

##### Observasi Aktivitas Siswa

No	Aspek kang Diawasi	Skor Asiling Pengamatan			
		1	2	3	4
1	Siswa nduweni kawigaten marang apa sing diandharake guru				
2	Siswa ngajokake pitakonan marang guru				
3	Siswa nyathet bab-bab penting sasuwene proses piwulangan				
4	Siswa nindakake instruksi saka guru sajroning piwulangan kanggo ngetrapake tugas				
5	Siswa nduweni tanggung jawab marang tugase dhewe				
6	Siswa nggarap LKS sing diwenehi guru				
7	Siswa nindakake dhiskusi sajroning nggarap tugas				
8	Siswa nduweni motifasi sajroning piwulangan				
Jumlah					

Katrangan: 1: kurang banget, 2: cukup, 3: apik, 4: apik banget

##### Observasi Aktivitas Guru

No	Aspek kang Diawasi	Skor Asiling Pengamatan			
		1	2	3	4
1	Guru nerangake tujuan piwulangan ngangggo metodhe <i>Student Teams Achievement Division</i> (STAD)				
2	Guru nerangake materi piwulangan				
3	Guru menahi kesempatan siswa kanggo takon				
4	Guru nindakake piwulangan adhedhasar RPP				
5	Swarane guru bisa dirungokake kanthi jelas				
6	Guru ngarahake materi kanthi siswa ngerti lan mbimbing siswa sajrone piwulangan				
7	Guru ngendhalekake kahanan kelas sajrone piwulangan				
8	Guru nyiapake interaksi lan nindakake refleksi				
Jumlah					

Katrangan: 1: kurang banget, 2: cukup, 3: apik, 4: apik banget

##### Tahap Refleksi

Kegiatan refleksi minangka kegiatan kanggo ngandharake maneh apa sing wis kedadean. Refleksi luwih bener dienkake ing wayah guru nindakake panliten wis rampung. Utawa salah sawijining kegiatan kanggo dudut apa sing wis ditindakake.

##### Subjek panliten

Siswa

Subjek sajroning panliten iki siswa kelas VIII G SMP Negeri 2 Pace tahun ajaran 2015/2016 semester ganjil sing jumlahe 28 siswa cacahé siswa kaperang saka 14 siswa lanang lan 14 siswa wadon.

Guru

Subjek panliten kang kapindo yaiku guru uga minangka subjek panliten kang melu diobservasi sajroning panliten iki. Guru kang dadi subjek panliten yaiku guru basa jawa klas VIII G SMP Negeri 2 Pace Nganjuk kang minangka panliti sajroning panliten iki.

##### Papan panggonan

Kang diandharake ing kene yaiku papan kang digunakake kanggo panliten iki. Panliten tindakan klas iki ditindakake ing SMP Negeri 2 Pace Nganjuk kanthi mligi ing klas VIII G.

##### Jadwal panliten

Kagiyatan	Minggu	Wektu (2015)	
		Wulan	Tanggal
Siklus I	Ke-2	September	7 - 12 September
Siklus II	K-3	September	14 September – 8 Desember



## Sumber Dhata lan Dhata Panliten

### Sumber Dhata

#### Dhata Panliten

Adhedhasar underaning panliten iki bisa diperang dadi 3, yaiku:

- 1) Kanggo mangsuli prakara no 1 dibutuhake dhata ngenani proses piwulangan nulis sandhangan aksara jawa kanthi gunakake metodhe dhiskusi *Student Teams Achievement Division* (STAD) kang arupa observasi aktivitas siswa.
- 2) Kanggo mangsuli prakara no 2 dibutuhake dhata lembar observasi aktivitas guru.
- 3) Kanggo mangsuli prakara no 3 dibutuhake dhata kang gunakake tes tulis marang siswa saben siklus.

### Instrumen

Instrumen panliten yaiku sarana utawa alat kang digunakake kanggo nglumpukake dhata panliten. Instrumen sing digunakake ing sajroning panliten, iki yaiku:

- 1) Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP)
- 2) Soal Tes
- 3) Lembar Observasi Aktivitas Guru
- 4) Lembar Observasi Aktivitas Siswa

### Tata Cara Ngumpulake Dhata

#### Observasi

Observasi migatekake samubarang gunakake mata (Arikunto, 2013:199) ngandharake yen observasi nyakup kagiyatan nggatekake marang sawijining obyek kanthi gunakake sakabehe alat indra.

Observer sajroning panliten iki yaiku guru basa jawa SMP Negeri 2 Pace Nganjuk. Observasi proses pasinaon ing kene ditindakake kanggo ngamati proses pasinaon kang ditindakake siswa lan aktivitas siswa. Saliyene iku uga ana observer liyane yaiku kanca sejawat kang ngamati aktivitas guru sajroning nindakake pasinaon.

#### Tes

Tes yaiku sarentetan pitakon utawa latihan sarto alat liya sing sigunakake kanggo ngrukur katrampilan, pengetahuan, intelegensi, kemampuan utawa bakat sing ana ing jroning indhividhu utawa kelompok. Utawa diarani alat kanggo ngukur sing sipate standar (Arikunto, 2013:193). Ing kene iki sing digunakake kanggo ngukur asil pasinaon siswa gunakake tes prestasi. Yaiku kanggo ngukur siswa sing wis digayuh sawise pasinaon.

### Tata Cara Ngandharake Dhata

Dhata hasil panliten dianalisis kanthi cara deskriptif kualitatif lan deskriptif kuantitatif. Kanggo dhata sing ana hubungane karo biji / angka (jumlah) asil tes akhir siklus dianalisis kanthi cara deskriptif kuantitatif. Menawa dhata pengamatan dianalisis kanthi cara deskriptif kualitatif.

Kanggo dhata kuantitatif, teknik analisis dhata sing digunakake persentase (%) kanthi rumus : 
$$P = \frac{f}{N} \times 100\%$$

Keterangan:

P = Angka persentase kang kagayuh

f = frekuensi sing lagi digoleki persentasene aktivitas guru lan siswa

N = jumlah frekuensi/akehe indhividhu (Syafi'i, 2005:66). Jumlah aktivitas

F=Kanggo dhata kualitatif teknik analisis dhata sing digunakake yaiku teknik analisis bandhingake, yaiku kanthi mbandhingake antarae kondisi kecarepan lan kasunyatan (Arikunto, 2002:230).

### Indikator Keberhasilan

Katuntasan piwulang iki adhedhasar ing PAP (Panilaian Acuan Patokan). Patokan tuntas sajroning piwulangan kang ana ing SMP Negeri 2 Pace yaiku 85% saka indikator kang digayuh lan nduweni biji maksimal 100.

### ASILING PANLITEN

#### Asil Panliten Siklus I

Piwulangan siklus I, katindakake tanggal 4 Agustus 2015 jam 10.00 WIB kanthi cacah siswa 28. Panliten ditindakake kanthi 4 tahapan yaiku: ngrancang piwulangan, nindakake piwulangan, observasi, lan refleksi. Ing kene panliti minangka guru. Proses piwulangan adhedhasar RPP sing disediakake luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

#### Tahap Ngrancang Piwulangan

Bab kang perlu disiapake kanggo kagiyatan piwulangan yaiku :

- 1) Guru gawe langkah-langkah kang bakal ditindakake sajrone kagiyatan piwulangan adhedhasar RPP.
- 2) Guru nyusun pedhoman Lembar Aktivitas Guru sasuwene proses piwulangan lumaku.
- 3) Guru nyusu pedhoman aktivitas siswa sasuwene proses piwulangan lumaku.
- 4) Guru nyiapake LKS kanggo ngerteni asil pasinaon siswa sajrone nulis sandhangan aksara jawa. Guru nyiapake alat dokumentasi.

#### Tahap Nindakakake Piwulangan

No	Kagiyatan	Kagiyatan Piwulangan
1	Pambuka	<ul style="list-style-type: none"> <li>➤ Guru nyiapake prangkat piwulangan lan kahanan klas</li> <li>➤ Guru menahi motivati marang siswa supaya bisa sinau kanthi becik</li> <li>➤ Guru menahi pitakon marang siswa ngenani sandhangan aksara jawa lan gayutake marang materi sing bakal diwulangake</li> <li>➤ Guru ngandharake tujuan</li> </ul>

		pasinaon lan kompetensi dasar pasinaon ➤ Guru ngandharake teknik pasinaon kang digunakake
2	Inti	<ul style="list-style-type: none"> <li>➤ Guru njlentrehake ngenani materi sandhangan aksara Jawa</li> <li>➤ Guru menehi tuladha sandhangan aksara Jawa cakra,keret, pengkal, pangkon, pasangan la, wa, re, le</li> <li>➤ Siswa ngrungokake kanthi bebarengan</li> <li>➤ Guru mbagi kelompok sing anggotane 4-5 siswa</li> <li>➤ Guru mbantu kelompok supaya nindakake transisi kanthi cara efisien</li> <li>➤ Guru mbimbing kelompok ing wayah dheweke ngerjakake tugas.</li> <li>➤ Guru ngevaluasi asil pasinaon ngenani materi nulis sandhangan aksara Jawa</li> <li>➤ Guru ngevaluasi saben kelompok ing wayah presentasekake asil tugase</li> <li>➤ Guru menehi penghargaan marang indhividhu lan kelompok mergo apik asil pasinaune utawa tugase.</li> </ul>

26	Vita Aviana Loka	42	84	√	
27	Yeniarsih	37.5	75	√	
28	Yunita Eka Pebrianti	42	84	√	
Jumlah		1077,5	2155		
Rata-Rata		38,5	76.96		
Presentase				71%	29%

Ing **Error! Reference source not found.**, nduduhake katrampilan nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe siklus I, asil tes katrampilan nulis sandhangan aksara Jawa sing digayuh siswa entuk skor 1077,5. Utawa biji 2155. Kategori kurang apik. Ing **Error! Reference source not found.**, katuntasan klasikal klas VIII G durung tuntas amarga cacah siswa sing tuntas ana 20 lan sing durung tuntas 8 siswa. Prosentase katuntasan klasikal yaiku 71,43%. Asil tes ing siklus I bisa direkapitulasi ing **Error! Reference source not found.**

#### Observasi

Adhedhasar piwulangan, kang wis ditindakake, oleh dhata pambiji asil observasi. Observasi ditindakake dening observer yaiku guru basa Jawa klas VIII ing SMP Negeri 2 Pace. Uga direwangi observer liya yaiku Lilis Supriyati, S.Pd. minangka teman sejawat kang bakal nindakake observasi tumrap aktivitas siswa lan guru.

#### Asil Observasi Aktivitas Siswa

No	Nama	Skor	Nilai Siklus I	Katrangan	
				Tuntas	Ora Tuntas
1	Achmad Yusuf	42	84	√	
2	Any Setyoni	42	84	√	
3	Anisa Rusita D	42	84	√	
4	Bagus Wahyu M	42	84	√	
5	Binti Mariyaul K	42	84	√	
6	Dandy Adi P	29	58		√
7	Erika Dian A	30.5	61		√
8	Fransiska Eka W	42	84	√	
9	Hadi Purba P	32	64		√
10	Kornaleo R	30	60		√
11	M. Sulthonul H	42	84	√	
12	M. Syahrul S	28	56		√
13	Moh Ammaramsi	42	84	√	
14	Mohammad Arza Nurhadi	42	84	√	
15	Muhamad Mahfud Efendi	42	84	√	
16	Nurul Karimah	38	76	√	
17	Ridho Aji Pangestu	42	84	√	
18	Rifa'i Bagus Fadilansyah	42	84	√	
19	Rina	34	68		√
20	Rini	41	82	√	
21	Riska Wahyu Mustikasari	34	68		√
22	Rizki Ahmad Setiyawan	42	84	√	
23	Roni Wijaya	25.5	51		√
24	Sinta Apriliana	46	92	√	
25	Siti Nur Aida	42	84	√	

No	Aspek kang Diawasi	Skor Asiling Pengamatan				Skor	Katrangan
		1	2	3	4		
1	Siswa nduweni kawigaten marang apa sing diandharake guru			√		3	apik
2	Siswa ngajokake pitakonan marang guru		√			2	cukup
3	Siswa nyathet bab-bab penting sasuwene proses piwulangan			√		3	apik
4	Siswa nindakake instruksi saka guru sajroning piwulangan kanggo ngetrapake tugas				√	4	Apik banget
5	Siswa nduweni tanggung jawab marang tugase dhewe			√		3	apik
6	Siswa nggarap LKS sing diwenehi guru			√		3	apik
7	Siswa nindakake dhiskusi sajroning nggarap tugas			√		3	apik
8	Siswa nduweni			√		3	apik



motifasi sajroning piwulangan						
Jumlah					24	
Rata-Rata					3	

Asil observasi kuwi nuduhake menawa aktivitas siswa sajrone piwulangan ing siklus I ana kang kurang, cukup, apik lan apik. Kanthi rata-rata aktivitas siswa 75%. Iki kategori mepet banget utawa kurang.

#### Asil Observasi Aktivitas Guru

No	Aspek kang Diawasi	Skor Asiling Pengamatan				Skor	Katrangan
		1	2	3	4		
1	Mbukak piwulangan			√		3	Apik
2	Nindakake apersepsi			√		3	Apik
3	Guru nerangake tujuan piwulangan nganggo metodhe <i>Student Teams Achievement Division (STAD)</i>			√		3	Apik
4	Guru nerangake materi piwulangan				√	4	Apik banget
5	Guru menahi kesempatan siswa kanggo takon		√			2	kurang
6	Guru nindakake piwulangan adhedhasar RPP			√		3	Apik
7	Swarane guru bisa dirungokake kanthi jelas			√		3	Apik
8	Guru ngarahake materi kanthi siswa ngerti lan mbimbing siswa sajrone piwulangan			√		3	Apik
9	Guru ngendhalekake kahanan kelas sajrone piwulangan			√		3	Apik
10	Guru nyiapake interaksi lan nindakake refleksi			√		3	Apik
Jumlah			2	24	4	30	
Rata-Rata						3	

Itungan kasebut nuduhake yen aktivitas guru ing siklus I kegelong kriteria kurang kanthi presentase 75%.

#### Refleksi

Refleksi minangka tahap ing pungkasan pasinaon sing kudu dilakoni sajrone panliten. Ing kene, panliti goleki kekurangan lan keluwihan sing sabanjure kudu didandani sajrone proses piwulangan ing siklus I

during bisa nemokake kaluwihan nanging kekurangan. Kekurangan kuwi antarane, yaiku:

- 1) Guru kurang anggone menahi motivasi
- 2) Pengelolaan wektu lan pengondisian klas kudu luwih digatekake
- 3) Guru kurang nggatekake tingkat pemahaman siswa sajrone proses piwulangan
- 4) Guru kurang sarih sajrone nerangake materi nulis sandhangan aksara Jawa
- 5) Siswa kurang aktif lan kurang nggatekake apa sing diandharake guru

Saka kekurangan kuwi, kudu direfisi ing siklus II. Sabanjure supaya luwih apik lan kasil. Refisi kuwi antarane:

- 1) Guru ora waleh-waleh menahi motivasi marang siswa
- 2) Guru kudu bisa ngrencanakake wektu
- 3) Guru kudu nggatekake pemahamane siswa
- 4) Guru kudu luwih tlaten lan tliti supaya gampang dipahami siswa
- 5) Guru kudu bisa narik kawigaten siswa supaya luwih aktif lan gatekake andharan saka guru
- 6) Guru bisa nindakake pamulangan kang inovatif kanthi metodhe sing cundhuk karo kahanane siswa lan lingkungan sekolahe.

#### Asil Panliten Siklus II

Piwulangan siklus II ditindakake ing dina Slasa tanggal 8 September 2015 jam 10.00 WIB – 11.30 WIB. Kanthi cacah siswa 28.

#### Tahap Ngrancang Piwulangan

Bab kang perlu disiapake kanggo kagiyatan piwulangan yaiku:

- 1) Guru nggawe langkah-langkah kang bakal ditindakake sajroning kagiyatan piwulangan adhedhasar RPP
- 2) Guru nyusun pedoman lembar aktivitas guru
- 3) Guru nyiapake LKS
- 4) Guru nyiapake alat dokumentasi.

#### Tahan Nindakake Piwulangan

No	Kagiyatan	Kagiyatan Piwulangan
1	Pambuka	<ul style="list-style-type: none"> <li>➤ Guru nyiapake prangkat piwulangan lan kahanan klas</li> <li>➤ Guru menahi motivasi marang siswa supaya bisa sinau kanthi becik</li> <li>➤ Guru menahi pitakon marang siswa ngenani sandhangan aksara Jawa lan gayutake marang materi sing bakal diwulangake</li> <li>➤ Guru ngandharake tujuan pasinaon lan kompetensi dasar pasinaon</li> <li>➤ Guru ngandharake teknik pasinaon kang digunakake</li> </ul>
2	Inti	<ul style="list-style-type: none"> <li>➤ Guru njlentrehake ngenani materi sandhangan aksara Jawa</li> <li>➤ Guru menahi tuladha sandhangan</li> </ul>

		<p>aksara Jawa cakra,keret, pengkal, pangkon, pasangan la, wa, re, le</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>➢ Siswa ngrungokake kanthi bebarengan</li> <li>➢ Guru mbagi kelompok sing anggotane 4-5 siswa</li> <li>➢ Guru mbantu kelompok supaya nindakake transisi kanthi cara efisien</li> <li>➢ Guru mbimbing kelompok ing wayah dheweke ngerjakake tugas.</li> <li>➢ Guru ngevaluasi asil pasinaon ngenani materi nulis sandhangan aksara Jawa</li> <li>➢ Guru ngevaluasi saben kelompok ing wayah presentasekake asil tugase</li> <li>➢ Guru menepi penghargaan marang individu lan kelompok mergo apik asil pasinaune utawa tugase.</li> </ul>
3	Panutup	<ul style="list-style-type: none"> <li>➢ Guru lan siswa ndudut materi kang wis disinauni</li> <li>➢ Guru lan siswa nindakake refleksi lan penugasan</li> <li>➢ Guru ngandharake pesen moral lan nutup piwulangan</li> </ul>

24	Sinta A	49	98	√	
25	Siti N	45	90	√	
26	Vita A	45	90	√	
27	Yeniarsih	40	80	√	
28	Yunita E	44	88	√	
Jumlah		1192,5	2385		
Rata-rata		42,3	85,2		
Presentase				100%	0%

Miturut **Error! Reference source not found.**, bisa diweruhi ing klas VIII G katuntasan klasikal wis tuntas. Amarga cacah siswa 28 sing durung tuntas 0%. Presentasi katuntasan klasikal 100%.

#### Observasi

No	Aspek kang Diawasi	Skor Asiling Pengamatan				Skor	Katrangan
		1	2	3	4		
1	Siswa nduweni kawigaten marang apa sing diandharake guru			√	4	Apik banget	
2	Siswa ngajokake pitakonan marang guru			√	3	apik	
3	Siswa nyathet bab-bab penting sasuwene proses piwulangan			√	3	apik	
4	Siswa nindakake instruksi saka guru sajroning piwulangan kanggo ngetrapake tugas			√	4	Apik banget	
5	Siswa nduweni tanggung jawab marang tugase dhewe			√	3	apik	
6	Siswa nggarap LKS sing diwenahi guru			√	3	apik	
7	Siswa nindakake dhiskusi sajroning nggarap tugas			√	3	apik	
8	Siswa nduweni motifasi sajroning piwulangan			√	3	apik	
Jumlah					26		
Rata-Rata					3,25		

Katrangan: 1: kurang, 2: cukup, 3: apik, 4: apik banget  
 Observasi ing dhuwur kuwi aktivitas siswa sajrone pasinaon ing siklus I ana kang apik. Rata – rata aktivitas siswa ing siklus I 75%, iku kagolong apik yaiku rentang 75-85%.

#### Observasi Aktivitas Guru

No	Aspek kang Diawasi	Skor Asiling Pengamatan				Skor	Katrangan
		1	2	3	4		

#### Rincian Biji Siswa ing Siklus II

No	Nama	Skor	Nilai Siklus II	Katrangan	
				Tuntas	Ora Tuntas
1	Achmad Y	49	98	√	
2	Any S	44	88	√	
3	Anisa RD	43	86	√	
4	Bagus W	44	88	√	
5	Binti M	45	90	√	
6	Dandy A	37.5	75	√	
7	Erika D	37.5	75	√	
8	Fransiska	45	90	√	
9	Hadi P	37.5	75	√	
10	Kornaleo	39	78	√	
11	M.Sultho n	45	90	√	
12	M.Syahru l	37.5	75	√	
13	M. Amma	45	90	√	
14	M. Arza	44	88	√	
15	M.Mahfu d	44	88	√	
16	Nurul	41	82	√	
17	Ridho A	44	88	√	
18	Rifa'I	45	90	√	
19	Rina	38	76	√	
20	Rini	44	88	√	
21	Riska W	38	76	√	
22	Rizki A	45	90	√	
23	Roni W	37.5	75	√	

1	Mbukak piwulangan			√	4	Apik banget
2	Nindakake apersepsi			√	4	Apik banget
3	Guru nerangake tujuan piwulangan nganggo metodhe <i>Student Teams Achievement Division</i> (STAD)			√	4	Apik banget
4	Guru nerangake materi piwulangan			√	4	Apik banget
5	Guru menahi kesempatan siswa kanggo takon			√	3	apik
6	Guru nindakake piwulangan adhedhasar RPP			√	4	Apik banget
7	Swarane guru bisa dirungokake kanthi jelas			√	3	Apik
8	Guru ngarahake materi kanthi siswa ngerti lan mbimbing siswa sajrone piwulangan			√	3	Apik
9	Guru ngendhalekake kahanan kelas sajrone piwulangan			√	3	Apik
10	Guru nyiapake interaksi lan nindakake refleksi			√	3	Apik
Jumlah			15	20	35	
Rata-Rata					3,5	

Katrangan:1: kurang, 2: cukup, 3: apik, 4: apik banget  
Itungan kasebut nuduhake yen aktivitas guru ing siklus I kegolong kriteria kurang kanthi presentase 75%.

### Refleksi

Refleksi minangka tahap ing pungkasan pasinaon sing kudu dilakoni sajrone panliten. Ing kene, panliti goleki kekurangan lan keluwihan sing sabanjure kudu didandani sajrone proses piwulangan ing siklus II durung bisa nemokake kaluwihan nanging kekurangan. Kekurangan kuwi antarane:

- 1) Guru kurang menahi kesempatan takon marang siswa
- 2) Swarane guru kurang banter
- 3) Guru olehe mbimbing siswa kurang maksimal

- 4) Guru kurang ngendhalekake kahanan klas kanthi maksimal
- 5) Guru kurang nyiapake interaksi lan refleksi kanthi cara bareng-bareng marang siswa

Ing babakan mbukak piwulangan bisa nuduhake kaundhakan. Nindakake apersepsi bisa nuduhake kaundhakan. Medharake tujuan piwulangan utawa kompetensi bisa nuduhake kaundhakan. Menahi kesempatan takon marang siswa uga nuduhake kaundhakan. Nindakake piwulangan uga nuduhake kaundhakan.

### Pembahasan Kabeh Siklus


Undhak-undhakane asil pasinaon saka siklus I nganti tekan siklus II minangka salah sawijining analisis kanggo ngaweruhi undhak-undhakane katrampilan nulis sandhangan aksara Jawa siswa saka perbandingan ing dhuwur, pungkasane bisa diweruhi undhak-undhakane asil pasinaon basa Jawa siswa kelas VIII G SMP Negeri 2 Pace tahun piwulangan 2015/2016 ing jroning nulis sandhangan aksara Jawa. Ing **Error! Reference source not found.** ngisor iki dhata kang bisa nunjukake.

No	Hal	Rata-Rata Biji Asil Undhak-Undhakan	
		Siklus I	Siklus II
1	Rata-rata	76,96	85,2
2	Jumlah sing kasil	20	28
3	Presentase sing kasil	71,43	100


Adhedhasar tabel, bisa dijelasake sawise diwenehi tindakan Siklus II:

- a. 28 siswa sing entuk biji dhuwur utawa padha karo 75 kanthi biji rata-rata klas sing gedhene 85,2. Iki ateges ana undhak-undhakan sing gedhene 8,24 saka biji siklus I.
- b. Jumlah siswa sing kasil sing entuk biji sak dhuwure 75 munggah dadi 28 siswa. Ateges iki ana undhak-undhakane sing akahe 8 siswa.
- c. Presentase sing kasil gedhene 100% iki ana undhak-undhakan sing gedhene 28,57% saka siklus I.
- d. Undhak-undhakane keaktifan siswa bisa mundhak presentasene sing saka siklus I 75% bisa dadi 81,3% siswa sawise bisa sinau kelompok kanthi apik.
- e. Tingkat keaktivane guru kegolong dhuwur utawa apik, ana undhak-undhakan 12,5 saka 75% ing siklus I dadi 87,5% ing siklus II.







**Undhak –Undhakan Asil Pasinaon Siswa saka Siklus I Menyang Siklus II**




**Undhak-Undhakan Kaaktifan Siswa ing Siklus I lan Siklus II**



**Perbandingan Jumlah Siswa sing Kasil ing Siklus I lan Siklus II**



**Presentase sing Kasil ing Siklus I lan Siklus II**



**Rata-Rata Undhak-Undhakan Kaaktifan Guru**



## DUDUDAN LAN SARAN

### DUDUDAN

Kanthi analisis dhata sing ditindakake gunakake grafik ngenani undhak-undhakae asil panliten kaandharake sing ngisor iki.

### Undhak-Undhakan Asil Pasinaon Siswa

Undhak-undhakan asil pasinaon siswa saka siklus I menyang siklus II ana ing **Error! Reference source not found.** Grafik undhak-undhakan asil pasinaon siswa bisa dideleng ana ing tabel. Saliyane kuwi, jumlah siswa kang kasil pasinaon uga nambah. Saka 20 siswa dadi 28 siswa. Ateges ing siklus II siswa kang kasil anggone pasinaon ana 100%. Iki ateges pasinaon ing piwulangan nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe STAD bisa ngundhakake asil pasinaon ing piwulangan. Presentase siswa kang kasil pasinaon nambah saka 71,43% dadi 100%.

No	Hal	Rata-Rata Biji Asil Undhak-Undhakan	
		Siklus I	Siklus II
1	Rata-rata	76,96	85,2
2	Jumlah sing kasil	20	28
3	Presentase sing kasil	71,43	100

### Undhak-Undhakan Kaaktifan Siswa

Ing Siklus I, keaktifan siswa mung 75% lan ing siklus II bisa mundhak dadi 81,3%. Ateges ana undhak-undhakan 6,3 %. Iki ateges ing jroning piwulangan nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe STAD bisa ngundhakake kaaktifan siswa ing jroning proses pasinaon. Luwih jelase bisa didelok akan iki.

No	Hal	Rata-Rata Biji Asil Undhak-Undhakan Keaktifan Siswa	
		Siklus I	Siklus II
1	Rata-rata	75%	81,3%

### Undhak-Undhakan Kaaktifan Guru

Ing Siklus I, keaktifan guru mung 75% lan ing siklus II bisa mundhak dadi 87,5%. Ateges ana undhak-undhakan 12,5 %. Iki ateges guru jroning nindakake piwulangan nulis sandhangan aksara Jawa kanthi metodhe STAD bisa ningkatake kaaktifan guru ing jroning proses pasinaon. Luwih jelase bisa didelok akan ing **Error! Reference source not found.**

No	Hal	Rata-Rata Biji Asil Undhak-Undhakan Keaktifan Siswa	
		Siklus I	Siklus II
1	Rata-rata	75%	81,3%

## Saran

Ing pungkasan kagiyatan panliten, mula saran-saran bisa diandharake:

### 1) Kanggo Kepala Sekolah

Mergo pasinaon kang aktif lan efektif sing gunakake metodhe STAD kanggo ngundakake asil pasinaon siswa, mula guru lan siswa kudu bisa nindakake piwulangan kanthi aktif lan efektif.

### 2) Kanggo Guru

Saka asil panliten ketok menawa pasinaon aktif lan efektif kang gunakake metodhe STAD bisa ngundhakake asil pasinaon siswa mula guru kudu bisa nindakake lan nerapake pambiji kanthi aktif lan efektif lan asil pasinaon bisa diundhakake.

### 3) Kanggo Siswa

- Bisa luwih mundhakake asil pasinaon khusus katrampilan nulis sandhangan aksara Jawa.
- Bisa luwih aktif ing jroning melu piwulangan basa Jawa.

### 4) Kanggo Wong Tuwa

Peranane wong tuwa lan lingkungan banget dibutuhake kanggo nyiptakake disiplin siswa khusus aktifitas siswa sing ana gandheng cenenge karo pambiji ing bab basa Jawa.

### 5) Kanggo sing Maca

Asil panliten iki bisa didadekake bahan kanggo nimbang menawa kanggo nindakake ing bab bab sing ana kaitane karo pambiji lan ngundhakake asil pasinaon khusus basa Jawa.

## KAPUSTAKAN

- Anestasi Wahyu, Tiarasari. 2013. *Peningkatan Keterampilan Menulis Aksara Jawa Melalui Modeling The Way dengan Media Flashcard pada Siswa Kelas IV SDN Mangkangkulon 01 Semarang*. Semarang
- Aris, Shoimin. 2014. 68 Model Pembelajaran Inovatif dalam Kurikulum 2013. In KR, Rose, ed., *68 Model Pembelajaran Inovatif dalam Kurikulum 2013*. Ar-Ruzz Media, Yogyakarta.
- Henry Guntur, Tarigan. Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa. In *Menulis Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Angkasa, Bandung, 2013.
- Indah, Pinta Sari. 2013. *Peningkatan Keterampilan Menulis Aksara Jawa Melalui Model Problem Based Instruction dengan Media Flashcard Siswa Kelas IV SDN Patemon 01 Semarang*. Semarang.
- Miftahul, Huda. 2012. Mode-Model Pengajaran dan Pembelajaran. In *Mode-Model Pengajaran dan Pembelajaran*. Pustaka Pelajar, Yogyakarta.
- Muhammad, Irkham KR. 2010. Penggunaan Media Kartu Huruf Dalam Pembelajaran Aksara Jawa Sebagai Upaya Peningkatan Motivasi Belajar Siswa Kelas II SDN Torongrejo 02 Kota Batu .
- Rudi, Hartono. 2013. Ragam Model Mengajar yang Mudah Diterima Murid. In Muttaqin, Abdul Aziz, ed., *Ragam Model Mengajar yang*

- Mudah Diterima Murid*. Diva Press, Yogyakarta,.
- S, Nasution. 2011. *Berbagai Pendekatan Dalam Proses Belajar dan Mengajar*. PT Bumi Aksara, Jakarta.
- Soewardi, Haryono. 2009. Pepak Basa Jawa Halaman. In GNR, Dedy, ed., *Pepak Basa Jawa Halaman*. Pustaka Widyatama, Yogyakarta.
- Suharsimi, Arikunto. 2013. Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik. In *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Rineka Cipta, Jakarta.
- Undang-Undang RI Nomor 20 Tahun 2003 Sisdiknas*. Citra Umbara, Bandung.
- Wahyu, Istiadi and S., Padmosoekotjo. 1984 *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. CV Citra Jaya, Surabaya.
- Zainal, Aqib. 2013. Model-Model Media dan Strategi Pembelajaran Kontektual (Inovatif). In *Model-Model Media dan Strategi Pembelajaran Kontektual (Inovatif)*. Yrama Widya, Bandung.